

## BAB I

### BUBUKA

#### 1.1 Kasang Tukang Masalah

Kaparigelan nulis mangrupa kaparigelan basa anu kawilang pentingna dina pangajaran basa di sakabéh tingkatan pendidikan. Lantaran nulis téh mangrupa salah sahiji aspek nu mangaruhan dina kasuksésan siswa di sakola. Graham jeung Harris nétélakeun yén nulis ogé dijadikeun hiji alat pikeun ngukur kamampuh siswa disakabéh tingkat pendidikan (Rahman, 2018a, kc 14). Ogé bisa ditingali dina kurikulum pendidikan dimana aya kompetensi dasar nu meredih siswa sangkan parigel dina nulis (Rahman, 2018, kc . 1). Ku cara nulis siswa bisa ngébréhkeun idé atawa gagasan, pamikiran jeung pangalaman dina wangun tulisan. Luyu jeung nu ditétélakeun ku Marwoto (dina Dalman, 2018, kc. 4) yén nulis téh mangrupa ébréhan ide atawa gagasan dina wangun tulisan.

Pangajaran nulis nu diajarkeun ka siswa salah sahijina nyaéta nulis carita pondok. Pangajaran nulis carita pondok ieu aya di SMA/SMK/MAK kelas XI . Luyu jeung Kurikulum Tingkat Daerah Muatan Lokal Mata Pelajaran Bahasa Sunda Kurikulum 2013 Revisi 2017 Jenjang SMA/SMK/MAK (Tim Pengembang Kurikulum Muatan Lokal, 2017, kc. 38) dina Kompetensi Dasar 4.4 *menulis carita pondok sederhana dengan memperhatikan struktur dan kaidah kebahasaan*. Jadi, siswa kelas XI diperedih bisa nulis carita pondok sederhana ku cara merhatikeun struktur jeung kaéda kabasaan.

Dina prak-prakan diajar, kaparigelan nulis téh mangrupa kaparigelan basa nu dianggap hésé. Luyu jeung pamadegan (Rahman, 2020, kc. 60) yén dibandingkeun jeung tilu kaparigelan séjénna, kaparigelan nulis téh hésé dikawasa. Lantaran kaparigelan nulis ngarahkeun siswa pikeun ngébréhkeun ide, gagasan, pikiran jeung rasa sangkan jadi hiji karya nu bisa dipikapaham ku jalma séjén. Perlu dipikanyaho yén dina pangajaran nulis utamana dina nulis carita pondok, siswa téh masih kurang kairut. Lantaran siswa sadar loba hal nu kudu diperhatikeun nalika nyieun hiji tulisan. Éta hal tangtuna jadi bangbaluh dina prosés pangajaran di sakola.

Kurangna kamampuh guru dina ngagunakeun modél pangajaran ogé jadi bangbaluh. Pangajaran nulis nu diajarkeun ku guru kurang ngirut perhatian siswa. Ieu hal dilantarankeun ku guru anu hésé nimukeun modél pangajaran anu luyu jeung éfektif dina nepikeun matéri nulis. Hasanah (Surismiati, 2017, kc. 104) nétélakeun yén dina prosés diajar, biasana guru ngan ngajelaskeun gurat badagna hungkul, tanpa dirojong ku modél pangajaran. Ieu hal nu ngabalukarkeun siswa jadi kurang maham kana matéri pangajaran jeung ngarasa bosen lantaran prosés diajarna kurang variatif atawa monoton. Kondisi nu saperti kitu kurang kondusif dina ngarojong kamekaran kamampuh siswa dina nulis carita pondok. Sangkan siswa bisa nulis kalayan hadé, guru teu ukur nepikeun matéri tapi langsung ngabimbing siswa ku cara mraktekeun langsung éta kaparigelan nulis. Sanajan kaparigelan nulis mangrupa kaparigélan basa nu hésé, tapi kurikulum meredih siswa sangkan bisa ngawasa kana kaparigelan nulis (Dewi, 2016, kc. 2). Dina pangajaran nulis kudu bisa numuwuhkeun rasa kareueus siswa kana kagiatan nulis (Rahman spk., 2018, kc. 39).

Pikeun ngungkulun masalah nu kaalaman siswa, tangtuna guru kudu bisa milih modél pangajaran anu luyu jeung materi sarta ngahudangkeun motivasi siswa. Nurutkeun Joyce jeung Weil (dina Iskandarwassid, 2009,kc. 3) modél pangajaran (*models of teaching*) mangrupa hiji rarancang nu digunakeun dina nyusun kurikulum, ngarancang matéri pangajaran, jeung méré pituduh ka nu ngajar di kelas dina *setting* pangajaran atawa *setting* nu séjenna. Modél pangajaran mangrupa salah sahiji kompetensi anu kudu dikawasa ku sakabéh guru. Lantaran ieu hal mangrupa salah sahiji indikasi anu bakal nangtukeun kahontalna tujuan pangajaran (Rahman, 2011, kc. 1). Milih modél pangajaran nu teu luyu jeung karakteristik kamampuh siswa bisa ngabalukarkeun kana asorna kualitas prosés diajar. Guru perlu ngarancang pangajaran nu ngawangun kaparigelan mikir kritis siswa (Rahman, 2018, kc. 22).

Aya sababaraha modél pangajaran nu bisa dilarapkeun pikeun ngaronjatkeun kamampuh nulis siswa. Salah sahijina nyaéta dilarapkeuna modél *Round Table* pikeun ngaronjatkeun kamampuh nulis carita pondok. Model *Round Table* mangrupa modél

pangajaran anu dimekarkeun tina modél *Cooperative Learning*. Nurutkeun Mccafferty (Diastofa & Karim, 2016, kc. 2) modél *Round Table* mangrupa salah sahiji tipe pangajaran kooperatif anu dilaksanakeun ku cara tiap anggota kelompok méré sawangan sarta partisipasi sacara bagilir kalawan posisi diuk anu ngabuleud (bundar). Modél *Round Table* ngajamin ayana partisipasi anu satata di antara anggota kelompokna sarta ngarahkeun siswa kana sababaraha sudut pandang jeung gagasan (Barkley spk., 2016, kc. 357). Modél pangajaran *Round Table* dina prak-prakanna ngabagi siswa kana sababaraha kelompok sacara hétérogén pikeun méréskeun pasualan. Tiap kelompok dieusi ku ku 5-6 siswa. Siswa nu miboga kamampuh leuwih dina nulis dikelompokeun jeung siswa nu kamampuhna kurang. Hasil tulisan anu geus dijieuun ku siswa, tuluy diévaluasi jeung dibéré arahan pikeun ngahontal tujuan pangajaran nu dipiharep (Rahman, 2019, kc. 2). Ku dilarapkeuna modél pangajaran *Round Table* dipiharep ayana *peer tutor (tutor teman sebaya)* (Surismiati, 2017, kc. 135).

Panalungtikan modél pangajaran *Round Table* kungsi dilaksanakeun ku Rani Fahmi Septiani mahasiswa Departemen Pendidikan Bahasa Sunda taun 2017, nyaéta “Model Pangajaran *Round Table* Pikeun Ngaronjatkeun Kamampuh Nulis Sisindiran (Studi Kuasi Ekspérimén ka Siswa Kelas VIII H SMPN 5 Bandung Taun Ajaran 2016/2017)”, nyebutkeun yén modél pangajaran *Round Table* bisa ngaronjatkeun kamampuh siswa dina nulis sisindiran. Lantaran katitén tina ngaronjatna hasil diajar siswa boh tina rata-rata aspék nu dipeunteun boh présentaseu penteun.

Lian ti éta, panalungtikan modél pangajaran ogé kungsi dilaksanakeun ku Yelvi Aprianti mahasiswa Departemen Pendidikan Bahasa Indonesia taun 2015, nya éta “Penerapan Modél Pembelajaran Kooperatif Tipe *Round Table* Dalam Pembelajaran Menulis Teks Berita (Penelitian Eksperimen Kuasi Pada Siswa Kelas VIII SMPN 12 Bandung), nyebutkeun yén modél pangajaran *Round Table* bisa ngaronjatkeun kamampuh siswa dina nulis téks warta.

Anapon sasaran ieu panalungtikan jeung panalungtikan nu geus dilaksanakeun ku Rani Fahmi jeung Yelvi Aprianti nyaéta medar jeung maluruh ngeunaan modél pangajaran *Round Table* dina pangajaran nulis, ngan anu ngabédakeun nyaéta matéri ajar jeung sumber data nu rék ditalungtik. Dina ieu panalungtikan leuwih nalungtik modél pangajaran *Round Table* dina nulis carita pondok.

Panalungtikan ngeunaan modél pangajaran *Round Table* dumasar panalungtikan nu samémehna mampuh pikeun ngaronjatkeun kamampuh nulis. Pikeun nulis carita pondok sacara umum can aya nu nalungtik. Ieu panalungtikan dilaksanakeun pikeun mikanyaho ngaronjat atawa henteuna modél pangajaran *Round Table* dilarapkeun dina pangajaran maca nulis pondok. Salian ti éta, digunakeuna ieu modél téh pikeun numuwuhkeun sikep kréatip siswa dina ngébréhkeun atawa ngamekarkeun idé jeung gagasan.

Dumasar pedaran di luhur panalungtikan anu judulna “Modél *Round Table* dina Pangajaran Nulis Carita Pondok (Studi Kuasi Ékspérимén ka Siswa Kelas XI AV-1 SMK Negeri 4 Bandung Taun Ajar 2019/2020)” perlu dilaksanakeun.

## **1.2 Idéntifikasi jeung Rumusan Masalah**

### **1.2.1 Idéntifikasi Masalah**

Dumasar kana kasang tukang panalungtikan, aya sawatara hal anu bisa diidéntifikasi pikeun ditalungtik, saperti ieu di handap.

- a. Kurangna kamampuh siswa dina nulis carita pondok;
- b. Model pangajaran nu digunakeun kurang variatif; jeung
- c. Kurangna kamampuh guru dina ngagunakeun modél pangajaran.

### **1.2.2 Rumusan Masalah**

Dumasar kana idéntifikasi masalah, masalah dina panalungtikan dirumuskeun saperti ieu di handap.

- a. Kumaha kamampuh nulis carita pondok siswa kelas XI AV-1 SMK Negeri 4 Bandung Taun Ajar 2019/2020 saméméh ngagunakeun modél pangajaran *Round Table*?
- b. Kumaha kamampuh nulis carita pondok siswa kelas XI AV-1 SMK Negeri 4 Bandung Taun Ajar 2019/2020 sanggeus ngagunakeun modél pangajaran *Round Table*?
- c. Naha aya ningkatna kamampuh nulis carita pondok siswa kelas XI AV-1 SMK Negeri 4 Bandung Taun Ajar 2019/2020 sanggeus ngagunakeun modél *Round Table*?
- d. Naha aya bédha anu signifikan dina kamampuh nulis carita pondok siswa kelas XI AV-1 SMK Negeri 4 Bandung Taun Ajar 2019/2020 antara saméméh jeung sanggeus ngagunakeun modél pangajaran *Round Table*?

### **1.3 Tujuan Panalungtikan**

Saperti halna nu geus dijéntrékeun dina kasang tukang jeung rumusan masalah, sacara jéntré panalungtikan ieu mibanda dua tujuan nya éta tujuan umum jeung tujuan husus.

#### **1.3.1 Tujuan Umum**

Tujuan umum tina ieu panalungtikan nyaéta nguji modél pangajaran *Round Table* dilarapkeun dina pangajaran nulis carita pondok.

#### **1.3.2 Tujuan Husus**

Tujuan husus ieu panalungtikan pikeun ngadéskripsikeyun:

- a. kamampuh nulis carita pondok siswa kelas XI AV-1 SMK Negeri 4 Bandung Taun Ajar 2019/2020 saméméh ngagunakeun modél pangajaran *Round Table*;
- b. kamampuh nulis carita pondok siswa kelas XI AV-1 SMK Negeri 4 Bandung Taun Ajar 2019/2020 sanggeus ngagunakeun modél *Round Table*;

- c. ningkatna kamampuh nulis carita pondok siswa kelas XI AV-1 SMK Negeri 4 Bandung Taun Ajar 2019/2020 sanggeus ngagunakeun modél *Round Table*;
- d. bédha anu signifikan dina kamampuh nulis carita pondok siswa kelas XI AV-1 SMK Negeri 4 Bandung Taun Ajar 2019/2020 antara saméméh jeung sanggeus ngagunakeun modél pangajaran *Round Table*.

## **1.4 Mangpaat Panalungtikan**

Mangpaat tina ieu panalungtikan ngawengku mangpaat tioritis jeung mangpaat praktis.

### **1.4.1 Mangpaat Tioritis**

Sacara tioritis ieu panalungtikan dipiharep miboga mangpaat pikeun mekarkeun atawa ngaronjatkeun kamampuh siswa dina pangajaran Basa Sunda hususna dina nulis carita pondok ngaliwatan modél pangajaran nu éfektif.

### **1.4.1 Mangpaat Praktis**

Ieu panalungtikan dipiharep aya mangpaat praktis nu bisa dihontal pikeun siswa, guru, tur panalungtik.

#### a. Pikeun guru

Ieu panalungtikan dipiharep bisa dijadikeun référénsi dina pangajaran carita pondok sangkan bisa nyieun suasana diajar jadi leuwih ngirut pikeun para siswa.

#### b. Pikeun siswa

Ieu panalungtikan dipiharep bisa numuwuhkeun jeung ngaronjatkeun minat ogé bakat siswa kana pangajaran basa Sunda, hususna dina pangajaran nulis carita pondok.

#### c. Pikeun Panalungtik

Ieu panalungtikan dipiharep bisa méré gambaran ngeunaan kamampuh siswa dina nulis carita pondok ngagunakeun modél pangajaran *Round Table*.

## 1.5 Raraga Mikir

Sistematika tina ieu skripsi disusun jadi lima bab, anu baris diwincik saperti ieu di handap.

Bab I bubuka, eusina ngawengku kasang tukang tina ieu panalungtikan, idéntifikasi jeung rumusan masalah, tujuan tina panalungtikan anu ngawengku tujuan umum jeung tujuan husus, mangpaat tina panalungtikan boh mangpaat sacara praktis atawa mangpaat tioritis, sarta raraga tulisan dina ieu skripsi.

Bab II ulikan pustaka, eusina mangrupa tiori-tiori ngeunaan modél pangajaran *Round Table* katut léngkah-léngkahna dina pangajaran nulis carita pondok, tiori ngeunaan nulis sarta ngeunaan nulis carita pondok. Dina bab II ogé dipedar ngeunaan hipotésis tina ieu panalungtikan, sarta sagala hal nu aya patalina jeung bahan pangajaran nulis carita pondok.

Bab III métode panalungtikan, eusina ngawengku métode anu dipaké dina ieu panalungtikan, désain panalungtikan, sumber data, prosedur panalungtikan, désain panalungtikan, instrumén panalungtikan, téknik ngumpulkeun data, sarta téknik analisis data dina ieu panalungtikan.

Bab IV hasil panalungtikan jeung pedaran, eusina ngawengku pedaran ngeunaan kamampuh siswa dina nulis carita pondok saméméh ngagunakeun model *Round Table*, kamampuh siswa dina nulis carita pondok sanggeus ngagunakeun model *Round Table*, ningkatkan kamampuh nulis carita pondok siswa sanggeus ngagunakeun modél *Round Table*, jeung béda anu signifikan kamampuh siswa saméméh jeung sabada dina nulis carita pondok ngagunakeun model *Round Table*.

Bab V ngeunaan kacindekan, implikasi, saran, eusina mangrupa kacindekan tina hasil panalungtikan anu geus dilaksanakeun, sarta méré saran jeung rékoméndasi pikeun panalungtikan séjénna.